

BAB III

MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan maké métode *Classroom Action Research* (penelitian tindakan kelas) *yaitu penelitian yang dilaksanakan oleh guru di dalam kelasnya sendiri melalui refleksi diri, dengan tujuan untuk memperbaiki kinerja sebagai guru, sehingga hasil belajar siswa jadi meningkat* (Wardani, 2002:1-4).

Eweuh métode anu cocog keur sakabeh pangajaran. Métode sipatna nétral, sabab hadé goréngna hiji métode gumantung guru anu makéna. Dina panalungtikan kagiatan kelas ieu, nu nulis maké métode kolaborasi anu bisa dipaké dina pangajaran nulis, hususna dina nulis rénsensi hiji novél.


Tina PTK, panalungtik nyadar dina pangajaran bakal aya salah sahiji anu kurang maksimal. Hal kasabit bisa waé kajadian kusabab aya sababaraha faktor anu mangaruhan, salah sahijina siswa kurang maham kana naon anu ditepikeun guru, atawa bisa waé disababkeun ku *suasana* kelas anu kurang kondusif.

Wardani (2002: 1-4) nyebutkeun ciri-ciri anu ngabédakeun panalungtikan kagiatan kelas jeung panalungtikan séjénna nyaéta:

- 1) Ayana masalah dina PTK anu disababkeun ku kasadaran guru yén prakték anu dilaksanakeun salila ieu boga masalah anu kudu diréngsékeun.
- 2) *Self Reflective Inquiry* nyaéta panalungtikan ngaliwatan réfléksi diri. PTK nyarankeun sangkan guru ngumpulkeun data ti praktikan ngaliwatan réfléksi diri. Ieu berarti guru nyobaan nginget-ninget deui naon waé anu

digawean di kelas, naon hasilna pikeun siswa, terus mikiran naha hasilna siga kitu. Guru nyobaan néangan naon kahéngkérana jeung kapunjulan dina panalungtikan anu dilaksanakeun, terus nyobaan ngabenerkeun kakuranganana.

- 3) PTK dilaksanakeun di kelas, panalungtikan fokus kana kagiatan pangajaran anu mangrupikeun paripolah guru jeung murid dina ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar (interaksi).
- 4) Kagiatan panalungtikan kelas ieu miboga tujuan pikeun ngoméan pangajaran. Ieu hal dilaksanakeun sacara *continue*, salila kagiatan panalungtikan lumangsung.
- 5) Dina PTK dipikawanoh ayana *siklus pelaksanaan*, anu miboga pola *perencanaan-pelaksanaan-obsérvasi-réfléksi*, kaopat tahap ieu mangrupa hiji siklus. Ku sabab kitu, dina unggal tahap bakal dibalikan deui, hasil tina réfléksi bakal jadi *input* dina ngararancang siklus satuluyna saperti gambar ieu di handap:



Gambar 3.1

Alur Panalungtikan Kegiatan Kelas

(Joni, dkk 1999:26)

3.2 Desain Panalungtikan

Dina ngalaksanakeunna, panalungtikan kagiatan kelas aya opat tahapan dasar anu kudu dilaksanakeun, nyaéta: (1) *perencanaan*, (2) *kegiatan*, (3) *observasi*, jeung (4) *refleksi* (Depdikbud,1999:26).

3.2.1 Perencanaan

Panalungtik ngalaksanakeun studi bubuka salaku hiji léngkah anu miboga tujuan pikeun nyebutkeun masalah penting anu aya patalina jeung pangajaran nulis résénsi novél. Dina tahap ieu nu nulis ngalaksanakeun obsérvasi pikeun mikanyaho kondisi kelas anu bakal dijadikeun bahan dina ngararancang kagiatan.

Dumasar studi bubuka anu geus dilaksanakeun, panalungtik méré hiji altérnatif kagiatan anu bisa dijadikeun pikeun ngaréngsékeun masalah anu aya. Altérnatifna nyaéta maké modél pangajaran nulis kolaboratif dina pangajaran nulis résénsi.

Sanggeus manggihan masalah jeung altérnatifna, dilaksanakeun tahap kahiji, nyaéta tahap *perencanaan (planning)*. Dina tahap ieu panalungtik ngararancang kagiatan kaasup milih waktu jeung kumaha carana nepikeun materi. Panalungtik nyiapkeun kagiatan anu bakal dilaksanakeun di kelas, nyusun léngkah-léngkah kagiatan unggal siklus, nyiapkeun média jeung téknik analisis data.

3.2.2 Kegiatan

Kegiatan dina panalungtikan ieu ngagunakeun strategi pangajaran, pangajaran sacara kolaboratif (gawé bareng), ngadéskripsikeun objék, nulis révéni, jeung menteun hasil révéni individu.

Saacan ngalaksanakeun PTK, panalungtik nyiapkeun:

- 1) Nyieun silabus jeung skenario pangajaran anu bakal dilaksanakeun dumasar kana idéntifikasi masalah tina tahap *perencanaan* diantaranya milih bahan pangajaran, média, cara, jeung alat évaluasi.
- 2) Nyiapkeun conto révéni.
- 3) Nyusun lembar obsérvasi pikeun ningali aktifitas siswa dina pangajaran.
- 4) Nyusun angkét anu dieusi siswa sangkan nyaho kumaha sikep siswa kana pangajaran anu geus dilaksanakeun.
- 5) Ngalaksanakeun diskusi jeung mitra dumasar obsérvasi kana aktivitas panalungtik jeung siswa.

3.2.3 Observasi

Salila pangajaran lumangsung, nu nulis jeung obsérver merhatikeun sakabéh aktivitas anu aya di kelas. Objék anu ditingali nyaéta kajadian-kajadian atawa kegiatan anu jadi indikator dina ngaréngsékeun masalah. Dina tahap ieu, panalungtik ningalikeun naha kegiatan anu dibérékeun geus bisa ngabérésan masalah atawa acan. Obsérvasi anu dilaksanakeun dina hiji siklus méré pangaruh kana nyusun kegiatan anu bakal dilaksanakeun dina siklus salajengna. Hasil

obsérvasi ieu terus didiskusikeun jeung obsérver séjén sangkan ngahasilkeun réfléksi anu boga pangaruh kana rarancang siklus salajengna.

3.2.4 Refleksi

Data anu geus aya ti tahap obsérvasi dikumpulkeun jeung dianalisis. Tina hasil obsérvasi bakal katingali hasilna, terus bakal dilaksanakeun pikeun ningkatkeun kamampuh siswa dina nulis révéni. Hasil tina réfléksi bakal dijadikeun acuan pikeun ngararancang siklus salajengna, lamun siklus saacanna can bisa ngabérésan masalah anu aya. Tina réfléksi kaluar masalah anu kudu diperhatikeun terus, dina waktuna kudu ngalaksanakeun siklus sacara terus-terusan, nepi ka hiji masalah bisa dianggap bérés (teratasi).

3.3 Populasi jeung Sampel

a) Populasi.

Populasi anu dipaké nyaéta siswa kelas XII SMU Negeri 24 Bandung.

b) Sampel.

Sampel anu dipaké nyaéta siswa kelas XII IPS 2.

3.4 Intrumen Kagiatan Kelas

Instrumén anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta tés kemampuan, lembar obsérvasi, jurnal, jeung catetan lapangan.

3.4.1 Tes Kamampuh

Tés, nyaéta patalékan atawa latihan salaku alat anu dipaké pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegasi, kamampuh atawa bakat anu aya dina individu sewang-sewangan atawa kelompok. Tés anu dibéré nyaéta mangrupikeun Tanya jawab ngeunaan révéni salaku *umpan balik* atawa *feedback* pikeun siswa saacan narima matéri. Terus guru ningali hasil kamampuh siswa dina nulis révéni. Ieu dimaksudkeun sangkan mikanyaho naha tujuan pangajaran geus katépi atawa acan.

3.4.2 Lembar Observasi

Lembar obsévasi mangrupikeun alat anu dipaké pikeun ngukur atawa ningali aktivitas siswa jeung panalungtik, ditingali tina kaparigelan *kooperatif* jeung méré motivasi siswa salila kagiatan diajar ngajar. Alat anu dipaké nyaéta lembar obsévasi anu dieusi obsérver salaku *pencatat lapangan*.

Aktifitas panalungtik anu ditingali nyaéta kaparigelan ngajar, mimiti muka pangajaran nepi ka nutup pangajaran. Aspék anu ditingalina mangrupikeun kalengkepan jeung kaahlian guru dina ngajar salaku réfléksi pikeun pangajaran salajengna.

Aktivitas siswa anu ditingali nyaéta paripolah siswa salila prosés pangajaran lumangsung, saperti: nanya, méré pamadegan, ngagawean tugas, jeung anu séjénna anu ngadukung prosés kagiatan diajar ngajar.

3.4.3 Jurnal Siswa

Jurnal siswa dibagikeun unggal ahir pangajaran. Jurnal ieu dibérékeun sangkan mikanyaho naon anu kacangking ku siswa sanggeus pangajaran lumangsung jeung pikeun meunangkeun gambaran kana koméntar siswa dina pangajaran anu diterapkeun di kelas. Hasilna bakal dipaké pikeun ngabenerkeun kagiatan pangajaran siklus salajengna.

3.4.4 Catetan Lapangan

Catetan lapangan nyaéta naon waé anu kapanggih salila kagiatan diajar ngajar dina lembar obsérvasi. Wangunna mangrupikeun aktivitas siswa jeung masalah anu disanghareupan salila kagiatan lumangsung.

3.5 Persiapan Pangajaran

Saacan ngalaksanakeun pangajaran, nu nulis nyiapkeun rarancang pikeun pangajaran di kelas. Ieu dimaksudkeun sangkan prosés diajar ngajar lumangsung lancar jeung tujuan anu geus dirarancang kacumponan. "*Kegiatan ini merupakan langkah awal yang harus ditempuh guru dalam melaksanakan kegiatan interaksi belajar mengajar di kelas*" (Hidayat,1995:15).

Salaku léngkah mimiti, nu nulis nyiapkeun pangajaran diantarana aya genep kagiatan, nyaéta: 1) perumusan tujuan, 2) milih bahan, 3) nangtukeun urutan, 4) nangtukeun waktu, 5) nyusun satuan pangajaran, jeung 6) ngarumuskeun alat évaluasi. Kagenep urutan kagiatan kasabit didadarkeun di handap.

1. Rumusan Tujuan

Tujuan bisa dijadikeun alat pikeun ngukur hasil diajar. Dina pangajaran disebutkeun Tujuan Pembelajaran Khusus (TPK) yaitu “...*perumusan tingkah laku atau kemampuan-kemampuan yang kita harapkan dari para anak didik setelah mengikuti pengajaran yang diberikan...*” (Hidayat, 1995:49).

R. Ibrahim jeung Nana Syaodih (1996:80) ngajelaskeun yén hiji rumusan Tujuan Pembelajaran Khusus (TPK) anu lengkep miboga unsur-unsur di jerona, nyaéta:

- a. unsur siswa atawa *audience* (A);
- b. unsur perilaku atawa *behavior* (B);
- c. unsur kondisi atawa *condition* (C);
- d. unsur standar atawa *degree* (D);

kadua ahli kasabit nyebutkeun Tujuan Pembelajaran Umum (TPU) ka TPK kudu boga ciri-ciri nyaéta:

- 1) *Spesifik atau khusus, dalam arti bahwa perilaku yang terkandung di dalamnya sudah dibatasi lingkupnya.*
- 2) *Operasional, dalam arti bahwa perilaku yang terkandung di dalamnya kongkret dan dapat diamati.*
- 3) *Dapat diukur, dalam arti bahwa terwujud atau tidaknya perilaku yang dimaksud dalam diri siswa dapat diukur melalui alat ukur yang ada (R. Ibrahim dan Nana Syaodih, 1996:80).*

Kritéria anu dijadikeun acuan sangkan dipaké dina rumusan TPK nyaéta kecap gawé anu kongkrét atawa operasional saperti: nyebutkeun, ngajelaskeun, milih, nguraikeun, ngabédakeun, nangtukeun, ngitung, ngabandingkeun, jeung nyusun.

Nyepeng kana kritéria di luhur, dina panalungtikan kagiatan kelas ieu, nu nulis nyusun TPK nyaéta:

- a. Siswa bisa nyebutkeun wangenan réénsibuku.
- b. Siswa bisa ngajelaskeun naon waé anu kudu aya dina hiji réénsi buku.
- c. Siswa bisa nyusun réénsi buku.

2. Milih Bahan

Buku pakét Santika Basa Kelas XII jilid 1

3. Ngurutkeun Bahan

Sakabéh bahan pangajaran anu geus dipilih moal mungkin diajarkeun sakaligus. Kituna, nu nulis kudu nangtukeun heula bahan pangajaran, bahan pangajaran digambarkeun atawa diurutkeun salaku ancang-ancang dina kagiatan diajar ngajar.

4. Nangtukeun Waktu

Waktu anu diperlukeun dina panalungtikan kagiatan kelas ieu nyaéta 3X6 jam pangajaran:

- a) Minggu ka-1, 2X40 menit, nu nulis nerangkeun ngeunaan naon-naon waé anu aya hubunganna jeung pangajaran nulis réénsi buku atawa novel, terus nu nulis ngabagi siswa jadi sababaraha

kelompok, méré tugas pikeun nulis révéni tina novél anu geus dibaca, sanggeus nulis révéni nu nulis ngalaksanakeun métode kolaborasi ka siswa salaku prosés panalungtikan siklus I.

- b) Minggu ka-2, 2X40 menit, dipaké siklus ka-II, urutan ngarvéni anu geus dibaca, terus dikolaborasikeun deui jeung babaturan sakelompokna pikeun mikanyaho kasalahan-kasalahan siswa dina kagiatan nulis révéni novél, terus dibenerkeun deui.
- c) Minggu ka-3, 2X40 menit, dipaké siklus ka-III, ngabenerkeun lamun aya kénéh kasalahan dina nulis, terus ngabenerkeun hasil révéni sangkan bisa jadi hiji révéni anu dianggap alus.

5. Nyusun Modél Kagiatan Pangajaran.

Saacan ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar nu nulis nyusun kagiatan:

MODÉL KAGIATAN PANGAJARAN

Mata pelajaran : Bahasa Sunda.

Satuan pendidikan : Sekolah Menengah Atas.

Tema : Sosial

Kelas/Semester : XII/2

Alokasi waktu : 2X40 menit

I. Pangajaran

Nulis révéni buku

II. Tujuan Pangajaran Umum.

Siswa bisa nambahan informasi atawa élmu pangaweruh ngeunaan résénsi saluyu jeung kontéks situasi boh sacara lisan atawa tulisan.

III. Tujuan Pangajara Husus

Sangeus prosés diajar ngajar, siswa bisa :

- a) ngajelaskeun wangenan résénsi
- b) nyebutkeun atawa ngajelaskeun naon-naon waé anu kudu aya dina nulis résénsi buku.
- c) Bisa nyusun résénsi buku.

IV. Matéri Pangajaran

- 1) Wangenan résénsi buku

Résénsi buku nyaéta hiji tulisan atawa gambaran atawa méré penteun kana hiji buku

- 2) Anu kudu aya dina résénsi

- a. Idéntitas buku (judul, pangarang, penerbit, taun terbit, tempat, halaman, cover, cétakan ka-, harga)
- b. Pembahasan umum (kasang tukang buku, jenis buku, kaayaan buku, informasi ngeunaan pangarang buku, babandingan jeung buku sejenna)
- c. Unsur intrinsik nyaéta latar, plot/alur, watak, sudut pandang, téma jeung gaya.
- d. Saran jeung koméntar.

V. Rencana Pangajaran Siklus I

1. Idéntitas mata pelajaran

- a. Mata pelajaran : Bahasa Sunda
- b. Materi pokok : unsur-unsur résénsi
- c. Kelas /semester : XII /2
- d. pertemuan ka- : 1
- e. waktu : 2X40 menit (2 jam pelajaran)
2. Standar kompetensi : mampu maca jeung nyangkem eusi bacaan sarta nganalisis karya sastra.
3. kompetensi dasar : maca résénsi novel
4. Materi pangajaran : unsur-unsur résénsi
5. Skenario Pangajaran

no	kagiatan	waktu	metode
1	<p>Bubuka</p> <ul style="list-style-type: none"> - muka pangajaran : ngucapkeun salam - ngapresensi siswa, ngamotivasi siswa anu boga tujuan pikeun ngondisikeun siswa sangkan bisa narima matéri - nyebutkeun tujuan pangajaran nyaéta bisa nyaho unsur-unsur résénsi 	10 menit	Ceramah intruksi

2	<p>Inti</p> <ul style="list-style-type: none"> - ngajelaskeun téori ngeunaan révéni - ngajelaskeun prosedur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, nyaéta ngagunakeun métode kolaborasi. - Nunjuk sababaraha siswa pikeun ngajawab matéri ngeunaan unsur-unsur révéni, sangkan aya komunikasi - Ngabagi kelompok, terus nugaskeun siswa pikeun nyieun révéni tina novel anu geus dibagikeun, sanggeus réngsé, dikolaborasikeun. 	<p>15 menit 5 menit 5 menit 40 menit</p>	Instruksi
3	<p>Panutup</p> <ul style="list-style-type: none"> -ngayakeun réfléksi kana prosés KBM anu geus dilaksanakeun -méré penteun tina matéri pangajaran anu geus lumangsung -salam 	5 menit	<p>Ceramah</p> <p>Réfléksi</p> <p>Intruksi</p>

VI. Rencana Pangajaran Siklus II

1. Identitas mata pelajaran

- a. Mata pelajaran : Bahasa Sunda
- b. Materi pokok : unsur-unsur résénsi
- c. Kelas /semester : XII /2
- d. pertemuan ka : 2
- e. waktu : 2X40 menit (2 jam pelajaran)
2. Standar kompetensi : mampu maca jeung nyangkem eusi bacaan sarta nganalisis karya sastra.
3. kompetensi dasar : maca résénsi novel
4. Matéri pangajaran : unsur-unsur résénsi
5. Skénario Pangajaran

no	kagiatan	waktu	metode
1	<p>Bubuka</p> <ul style="list-style-type: none"> - muka pangajaran : ngucapkeun salam - ngapresensi siswa, ngamotivasi siswa anu boga tujuan pikeun ngondisikeun siswa sangkan bisa narima matéri - nyebutkeun tujuan pangajaran nyaeta bisa nyaho unsur-unsur resensi 	10 menit	Ceramah intruksi
2	Inti		Instruksi

	<ul style="list-style-type: none"> - résénsi novél anu geus ditugaskeun dina siklus I dibenerkeun salaku hasil kolaborasi tina siklus II - nukeurkeun hasil résénsi siswa pikeun dianalisis kasalahana ku siswa séjén. - Méré nyaho siswa naon waé anu ulah dipigawé nalika nulis résénsi hususna ngeunaan cara nulis jeung struktur basa, sarta kasalahan nulis tanda baca. - Hasil résénsi anu geus dikolaborasikeun jeung dianalisis tina siklus II dikumpulkeun, terus di penteun, jeung bakal diprosés pikeun diteruskeun kana siklus ka-3 	<p>30 menit</p> <p>20 menit</p> <p>15 menit</p>	Kolaborasi
3	<p>Panutup</p> <ul style="list-style-type: none"> -ngayakeun réfléksi kana prosés KBM anu geus dilaksanakeun -méré penteun tina matéri pangajaran anu geus lumangsung. -salam 	5 menit	<p>Ceramah</p> <p>Réfléksi</p> <p>Intruksi</p>

VII. Rencana Pangajaran Siklus III

1. Idéntitas mata pelajaran

- a. Mata pelajaran : Bahasa Sunda
- b. Materi pokok : unsur-unsur résénsi
- c. Kelas /semester : XII /2
- d. pertemuan ka : 3
- e. waktu : 2X40 menit (2 jam pelajaran)
2. Standar kompetensi : mampu maca jeung nyangkem eusi bacaan sarta nganalisis karya sastra.
3. kompetensi dasar : maca résénsi novel
4. Materi pangajaran : unsur-unsur résénsi
5. Skenario Pangajaran

no	kegiatan	waktu	metode
1	<p>Bubuka</p> <ul style="list-style-type: none"> - muka pangajaran : ngucapkeun salam - ngaprésénsi siswa, ngamotivasi siswa anu boga tujuan pikeun ngondisikeun siswa sangkan bisa narima materi, sakaligus méré nyaho yén matéri ngeunaan résénsi bakal asup kana siklus pamungkas nyaéta siklus III - nyebutkeun deui tujuan pangajaran 	10 menit	Ceramah intruksi

		nyaéta bisa nulis résénsi, nyaho unsur-unsur résénsi		
2	Inti	<ul style="list-style-type: none"> - nugaskeun deui siswa pikeun nulis deui hasil résénsi anu geus dibenerkeun tina siklus II, ku cara merhatikeun tanda baca, éjaan jeung sajabana. 30 menit - nukeurkeun hasil résénsi siswa pikeun dianalisis kasalahana ku siswa dina kelompok anu béda (dikolaborasikeun). 20 menit - Méré nyaho siswa naon waé anu ulah dipigawé nalika nulis résénsi hususna ngeunaan cara nulis jeung struktur basa, sarta kasalahan nulis tanda baca. 15 menit - Hasil résénsi anu geus dikolaborasikeun jeung dianalisis tina siklus III dikumpulkeun, terus di penteun, jeung bakal diprosés salaku peunteun pamungkas tina kagiatan panalungtikan kagiatan kelas. 		Instruksi Kolaborasi

3	<p>Panutup</p> <p>-ngayakeun réfléksi kana prosés KBM anu geus dilaksanakeun.</p> <p>- Méré penteun tina matéri pangajaran anu geus lumangsung.</p> <p>-méré nyaho materi anu bakal ditepikeun minggu hareup</p> <p>-nutup pangajaran (salam)</p>	5 menit	<p>Ceramah</p> <p>Réfléksi</p> <p>Intruksi</p>
---	---	---------	--

VIII. Alat /Sarana jeung Sumber Pangajaran

1. Alat / sarana : novel
2. Sumber pangajaran


Alwasilah, A Chaedar.2005. *Pokoknya Menulis*. Bandung: PT Kiblat Buku Utama.

-----2000. *Perspektif Pendidikan Bahasa Inggris Di Indonesia Dalam Konteks Persaingan Global*. Bandung:Adira.

IX. Evaluasi

1. Prosedur penilaian : meunteun prosés diajar jeung kagiatan diajar
2. Alat penilaian : nulis révéni novél.

3.6 Kriteria meunteun



No	Aspék	Kritéria	Skor
1	Stuktur basa	a. hadé pisan b. hadé c. sedeng d. kurang e. kurang pisan	5 4 3 2 1
2	Pilihan kecap	a. hadé pisan b. hadé c. sedeng d. kurang e. kurang pisan	5 4 3 2 1
3	Ejaan	a. hadé pisan b. hadé c. sedeng d. kurang e. kurang pisan	5 4 3 2 1
4	Idéntitas buku	a. hadé pisan b. hadé c. sedeng d. kurang e. kurang pisan	5 4 3 2 1
5	Pembahasan umum	a. hadé pisan b. hadé	5 4

		c. sedeng	3
		d. kurang	2
		e. kurang pisan	1
6	Penilaian buku	a. hadé pisan	5
		b. hadé	4
		c. sedeng	3
		d. kurang	2
		e.kurang pisan	1
7	Saran jeung koméntar	a. hadé pisan	5
		b. hadé	4
		c. sedeng	3
		d. kurang	2
		e. kurang pisan	1
8	Format tulisan	a. hadé pisan	5
		b. hadé	4
		c. sedeng	3
		d. kurang	2
		e. kurang pisan	1
	JUMLAH SKOR		

3.7 Analisis Data Hasil Panalungtikan

a) Tingkat kamampuh nulis résénsi.

- Ngitung skor siswa dina unggal siklus, bakal katingali sakumaha kamampuh siswa nulis résénsi dina unggal siklus.
- Ngitung tingkat kamampuh siswa mimiti pang gedéna nepi ka pang leutikna, jeung kamampuh rata-rata siswa dina unggal siklus.

$$\text{Tingkat kamampuh rata-rata} = \frac{\text{jumlah Skor Total}}{\text{Jumlah skor total maksimum}} \times 100$$

b) Nganalisis hasil obsérvasi aktivitas siswa

Panalungtik ngitung perséntasé unggal katégori pikeun unggal kagiatan anu dipigawé ku obsérver jeung ngitung rata-rata perséntasé ti obsérver pikeun mikanyaho kamajuan dina unggal siklus.

c) Nganalisis jurnal siswa jeung ngelompokkeun *pesan* jeung *kesan* ti siswa kana kelompok koméntar positif atawa négatif. Rumusna nyaéta:

$$\% \text{ jenis koméntar unggal siklus} = \frac{\text{frékuensi jawaban}}{\text{Jumlah siswa}} \times 100$$

$$\% \text{ Rata-rata jenis koméntar} = \frac{\text{PKS1} + \text{PKS2} + \text{PKS3}}{\text{Jumlah siswa}} \times 100$$

Ket :

PKS 1 = Perséntase Koméntar Siklus ka-1

PKS 2 = Perséntase Koméntar Siklus ka-2

PKS 3 = Perséntase Koméntar Siklus ka-3

d) Nyeléksi jeung ngelompokkeun Data

Data anu dianalisis diréfléksi leuwih tiheula terus diseléksi jeung di kelompokkeun dumasar faktor panalungtikan. Data dina panalungtikan ieu nyaéta tingkat kamampuh siswa dina nulis résénsi sanggeus meunangkeun pangajaran nulis résénsi ngagunakeun métode kolaboratif. Data-data kasabit dikelompokkeun jadi tilu tingkatan, nyaéta:

1. Hadé 75 - 85%
2. Sedeng 51 - 74%
3. Kurang < 50% (dicokot tina Suhérman dalam Nurjamilah, 2003:580)

